

Avi sou Pratik Konfidansyalite (NPP)

“AVI SA ESPLIKE KIJAN YO KAPAB SÈVI AVÈK ENFÒMASYON MEDIKAL SOU OU EPI DIVILGE YO AK KIJAN OU KA JWENN ENFÒMASYON SA YO. TANPRI LI AK ANPIL ATANSYON.”

Kondisyon Avi sou Pratik Konfidansyalite sa aplike nan ka TidalHealth ap fonksyone kòm yon aranjman pou swen sante entegre sou plan klinik ki gen ladann TidalHealth Peninsula Regional, doktè yo, lòt pwofesyonèl lisansye ki ap konsilte e trete pasyan nan lopital sa a, Swen Ijan, Biwo Swen Primè TidalHealth ak Swen Espesyalize TidalHealth yo. Manm aranjman swen sante yo ki entegre sou plan klinik sa ap travay epi pratike nan TidalHealth. Tout antite epi moun sa yo ki sou lis la ap pataje enfòmasyon sante pèsonel pasyan yo, jan sa nesèsè pou reyalize tretman, peye lajan, epi fè aktivite swen sante selon lalwa.

Lalwa Federal fè nou egzijans pou nou kenbe sekre enfòmasyon sante pèsonel pasyan nou yo e pou nou bay pasyan yo avi obligasyon legal ak pratik konfidansyalite nou yo nan sa ki gen pou wè ak enfòmasyon sante pèsonel ou. Nou oblije koube nou anba kondisyon Avi sa a pandan tout tan li an vigè a. Nou rezève nou ledwa pou n chanje kondisyon Avi sou Pratik Konfidansyalite sa a jan sa nesèsè ak pou fè nouvo Avi a rantr an vigè pou tout enfòmasyon sante pèsonel nou kenbe yo. Ou ka resevwa yon kopi tout avi yo revize yo sou demann chak fwa ou vini nan sant nou an pou tretman, oswa nan Jesyon Enfòmasyon sou Sante TidalHealth la oswa ou ka jwenn yon kopi lè ou voye yon demann pa mwayen imèl bay Jesyon Enfòmasyon sou Sante TidalHealth, 100 East Carroll Street, Salisbury, MD 21801.

ITILIZASYON AK PIBLIKASYON ENFÒMASYON SANTE PÈSONÈL OU

Itilizasyon ak Piblikasyon pou Tretman: N ap fè itilizasyon ak piblikasyon enfòmasyon pèsonel ou jan sa nesèsè pou tretman w. Paregzanp, doktè ak enfimiyè yo ak lòt pwofesyonèl ki ap patisipe nan swen ou ap itilize enfòmasyon nan dosye medikal ou ak enfòmasyon ou bay sou sentòm ak reyaksyon ou yo pou planifye yon plan tretman pou ou ki ka gen ladann pwosedi, medikaman, tès, elatriye. Paregzanp, yon doktè kap trete w pou yon janm kase ka bezwen konnen si ou gen dyabèt paske dyabèt ka ralanti pwosesis gerizon an. Mete sou sa, doktè a ka bezwen di nitrisyon lan si ou gen dyabèt pou nou ka fè aranjman pou konsèy sou nitrisyon. Nou ka pataje tou enfòmasyon sante sou ou pou nou ka kowòdone plizyè kalite bagay ou bezwen, tankou preskripsyon, travay laboratwa ak tès dyagnostik. Nou ka kominiye tou enfòmasyon sante sou ou bay moun ki gen dwa ap pasitipe nan swen medikal ou tankou manm fanmi, manm legliz, sant reyabilitasyon, elatriye.

Nòt Sikoterapi: Yon otorizasyon obligatwa pou itilizasyon ak divilgasyon nòt sikoterapi yo.

Itilizasyon ak Piblikasyon pou Peman : N ap fè itilizasyon ak piblikasyon enfòmasyon pèsonel ou jan sa nesèsè pou rezon peman. Paregzanp, nou ka voye enfòmasyon sou pwosedi medikal ou yo ak tretman bay konpayi asirans ou pou fè aranjman pou peye pou sèvis yo ba ou, oswa nou ka itilize enfòmasyon ou yo pou prepare yon bòdwo pou voye ba ou oswa pou voye bay moun ki responsab peye pou ou a.

Itilizasyon ak Piblikasyon pou Aktivite Swen Sante: N ap itilize epi divilge enfòmasyon sante pèsonel ou jan sa nesèsè, epi jan lalwa otorize sa, pou aktivite swen sante nou yo ki gen ladan yo amelyorasyon klinik, analiz kòlèg pwofesyonèl, jesyon biznis, akreditasyon ak bay lisans, elatriye. Paregzanp, nou ka itilize e divilge enfòmasyon sante pèsonel ou pou amelyorasyon tretman klinik ak swen pou pasyan nou yo. Nou ka konbine tou enfòmasyon sante sou anpil pasyan TidalHealth yo pou deside ki sèvis anplis òganizasyon nou an dwe ofri, ki sèvis ki pa nesèsè, ak si sèten nouvo tretman efikas. Nou ka kominiye tou enfòmasyon bay doktè, enfimiyè, teknisyen, etidyan nan nèsing ak medsin, ak lòt pèsonel pou rezon analiz ak fòmasyon. Nou ka konbine tou enfòmasyon sante nou genyen yo ak enfòmasyon sante ki soti nan lòt òganizasyon ki menm jan avèk nou, pou ka konprare kijan n ap fè epi wè kote nou ka fè amelyorasyon nan swen ak sèvis yo nou ofri. Nou ka retire enfòmasyon ki idantifye w nan seri enfòmasyon sante sa a yon fason pou lòt moun ka itilize yo pou etidye swen sante epitou bay swen sante san yo pa aprann kimoun pasyan espesifik yo ye.

Echanj Enfòmasyon Sante: Nou ka pataje enfòmasyon nou jwenn oswa kreye sou ou ak lòt founisè swen owa lòt antite swen, tankou plan sante w, konpayi asirans ou, jan lalwa otorize sa, atravè Echanj Enfòmasyon sante (Health Information Exchanges, HIE) nou patisipe ladan yo. Paregzanp, enfòmasyon sou swen medikal pase w ak eta sante w kounye a ak medikaman w ap pran ka disponib pou nou jwenn oswa pou doktè swen primè ou oswa lopital ki pa nan TidalHealth jwenn, si yo patisipe nan HIE a tou. Echanj enfòmasyon sante ka founi aksè pi rapid, meyè kowòdinasyon swen epi asiste founisè ak otorite sante piblik nan pran desizyon pi enfòme.

TidalHealth patisipe nan echanj enfòmasyon sante (HIE) sou entènèt nan rejyon an ak tout eta a ki gen ladan echanj yo sponsorize nan sant medikal la ak pòtay pasyan **MyChart** ansanm ak RelayHealth ak Chesapeake Regional Information Systems for our Patients, Inc. (**CRISP**), yon echanj enfòmasyon sante nan tout eta a. Echanj enfòmasyon sante a ka founi aksè pi rapid, pi bon kowòdinasyon swen epi asiste founisè yo ak otorite sante piblik nan pran desizyon tretman pi enfòme. Antanke yon patisipan nan CRISP, nou pataje enfòmasyon nou jwenn oswa kreye sou ou avèk founisè swen sante pou tretman ak objektif swen piblik yo, jan lalwa otorize sa. Pwoteksyon enfòmasyon pasyan nan MyChart ak CRISP HIE se yon priorite. Echanj yo swiv tout lwa sou konfidansyalite ak sekirite onivo eta ak federal pou pwoteje enfòmasyon sou sante pasyan yo. Lwa Federal 1996 sou Transparans ak Responsablite Asirans Sante (HIPAA) sou Vi Prive, Sekirite ak Règleman Notifikasyon Vyolasyon, se manman lwa Federal ki pwoteje enfòmasyon sante w. TidalHealth, RelayHealth ak CRISP konsidere pwoteksyon vi prive ak pwoteksyon sekirite ki prezante nan lwa sa yo kòm nòm minimòm. Pandan gen anpil avantaj nan patisipe nan yon HIE, echanj enfòmasyon an sou baz elektwonik gen risk asosye ak sa. Risk posib yo se kapab: erè nan enfòmasyon klinik, vyolasyon enfòmasyon ak move itilizasyon. TidalHealth ak CRISP rete kwè pwoteksyon ak pwosesis sekirite ki anplis yo diminye anpil nan risk sa yo. Ou ka chwazi pa enskri ni kreye yon kont pou gen aksè sou MyChart la, pòtay pasyan ak nan dosye sante pèsonel ou sou entènèt. Ou ka chwazi tou soti nan CRISP epi anpeche founisè fè rechèch pou jwenn enfòmasyon atravè echanj nan tout eta a. Kèlkeswa ka a, si ou pa anrejistre ak MyChart oswa ou chwazi soti nan CRISP, doktè ou yo si yo afilye ak TidalHealth oswa si yap patisipe nan CRISP, gen dwa jwenn enfòmasyon dyagnostik sou ou, tankou rezilta laboratwa, epi refere ou bay lòt founisè swen ak mesaj byen sekirize. Ou ka “soti” epi anpeche rechèch sou enfòmasyon sante ou ki nan CRISP lè ou ranpli epi soumèt yon Fòm Koupe Abònman bay CRISP pa mwayen imèl, faks oswa sou entènèt nan nimewo 1-877-952-7477 oswa ranpli epi remèt

yon fòm Koupe Abònman bay CRISP pa mwayen imel, faks oswa sou sit entènèt yo an www.crisphealth.org. Pou jwenn plis enfòmasyon sou MyChart ak RelayHealth, ale sou www.mychart.tidalhealth.org.

Repètwa Lopital la: Nou kenbe yon repètwa sant lan ki gen non, nimewo chanm, eta jeneral ak, si ou vle, afilyasyon relijye w. Sofsi ou chwazi pa mete enfòmasyon w yo nan repètwa sa a, yap kominike enfòmasyon yo, aleksepsyon afilyasyon relijye w, bay nenpòt moun ki mande pou w ou apati non ou. Nou ka bay enfòmasyon sa yo tou, san bliye afilyasyon relijye ou, bay manm klèje legliz yo. Eksepte nan ka ijans, ou gen dwa pou fè retire enfòmasyon ou yo nan repètwa sa a epitou limite ki enfòmasyon yo ka bay, ak/oswa kimoun yo ka bay yo.

Dwa pou yo fè w konnen sizoka gen yon vyolasyon: N ap fè w konnen si yo "vyole" enfòmasyon medikal ou yo, sa ki vle di yo te itilize oswa mete deyò enfòmasyon medikal ou nan yon fason ki pa legal epi ki lakòz yo konpwomèt yo.

Fanmi ak Zanmi ki Patisipe nan Swen w: Ak apwobasyon w, nou ka divilge enfòmasyon sou sante pèsònèl ou bay fanmi, zanmi ak lòt moun ki patisipe nan swen w oswa nan peye pou swen w, yon fason pou fasilite angajman moun sa a nan pran swen w oswa nan peye pou swen w. Si ou pa disponib, gen enkapasite fizik, oswa w ap fè fas ak yon sitiasyon medikal ijan epi nou wè yon piblikasyon limite ka nan enterè w, nou ka pataje enfòmasyon limite sou sante pèsònèl ou ak moun sa yo san apwobasyon ou. Nou ka divilge tou enfòmasyon limite sou sante pèsònèl ou bay yon antite piblik oswa prive ki otorize pou asiste nan operasyon sekou nan ka dezaz yon fason pou antite a ka lokalize yon manm fanmi oswa lòt moun ki ka patisipe nan kèk aspè swen w.

Asosye Biznis: Sèten aspè ak eleman sèvis nou yo fèt atravè kontra ak moun oswa òganizasyon deyò, tankou odit, akreditasyon, sèvis legal, elatriye. Kèk fwa li ka nesèsè pou nou founi sèten eleman nan enfòmasyon sante pèsònèl ou yo bay youn oswa plizyè nan moun sa yo ki deyò oswa òganizasyon ki ede nou ak aktivite swen sante nou yo. Nan tout ka yo, nou mande asosye dafè sa yo pou yo pwoteje kòm sadwa sekre enfòmasyon w yo.

Leve Fon: Nou ka itilize enfòmasyon sou sante limite w pou kontakte w pou fè don nan yon aktivite leve fon pou ou oswa nan non nou. Lè nou kontakte moun pou fè leve fon pou òganizasyon nou an, n ap mete tou yon avi entansyon sa yo epi dwa yo pou chwazi pa resevwa kominikasyon sa yo. Ou ka fè sa tou lè w ap voye non ak adrès ou bay Prezidan Fondasyon an, 100 East Carroll Street, Salisbury, MD, 21801, ansanm ak yon deklarasyon ki di ou pa vle resevwa mesaj leve fon nan men nou.

Randevou ak Sèvis: Nou ka kontakte ou pou ba w rapèl randevou yo oswa enfòmasyon sou chwa tretman oswa lòt avantaj ak sèvis ki gen pou wè ak sante ki ka enterese w.

Chwa Tretman: Nou ka itilize epi divilge enfòmasyon sou sante pou enfòmasyon w oswa rekòmande w opsyon tretman posib oswa chwa ki ka enterese w.

Avantaj ak Sèvis ki gen pou wè ak Sante: Nou ka itilize ak divilge enfòmasyon sou sante pou enfòmasyon w sou avantaj oswa sèvis yo ki gen rapò ak sante ki ka enterese w.

Rechèch: Nan sèten sikonstans, nou ka itilize epi divilge enfòmasyon sou sante w pou rezon rechèch. Paregzanp, yon pwojè rechèch ka gen ladann konparezon ant sante ak gerizon tout pasyan ki te resevwa yon medikaman ak sa yo ki te resevwa yon lòt, pou menm maladi a. Tout pwojè rechèch yo, sepandan, pase anba yon pwosesis apwobasyon espesyal. Pwosesis sa a evalye yon pwojè rechèch yo pwopoze ak jan li itilize enfòmasyon sante, pou eseye balanse bezwen pasyan an genyen nan kad pwoteksyon enfòmasyon sante yo. Anvan nou itilize oswa divilge enfòmasyon sante pou rechèch, pwojè a ap apwouve nan pwosesis apwobasyon rechèch sa a, men nou gen dwa, sepandan, divilge enfòmasyon sante sou ou bay moun kap prepare yo pou mennen yon pwojè rechèch, paregzanp, pou ede yo chèche pasyan ki gen bezwen medikal espesifik yo.

Maketing: Nou ka kontakte w oswa voye enfòmasyon ba ou sou nouvo pwogram, sèvis oswa evènman sou pwòp pwodui pa nou yo oswa sèvis ki ka enterese w. Ou gen dwa pou mande pou nou pa voye okenn nan materyèl sa yo pou ou alavni epi n ap fè tou sa nou konnen pou respekte demann sa yo. Ou ka fè demann lan lè w voye non ak adrès ou bay Direktè Relasyon Kominotè/Maketing, 100 East Carroll Street, Salisbury, MD, 21801, ansanm ak demann ou pou yo retire w nan lis kourye maketing lan. An jeneral nou dwe resevwa otorizasyon w pou nenpòt itilizasyon oswa piblikasyon enfòmasyon medikal pou tout objektif maketing, aleksepsyon kominikasyon fas a fas ant noumenm oswa lè nou ba ou yon kado pwomosyon ki gen yon valè nominal.

Vant: Nou pap janm vann enfòmasyon ou yo sòf si ou ban nou otorizasyon alekri.

Lòt itilizasyon ak Piblikasyon: Lalwa otorize nou oswa mande nou pou nou fè sèten itilizasyon ak piblikasyon enfòmasyon sante pèsònèl ou san konsantman w oswa otorizasyon w. Pami aktivite sa yo, nou dwe rapòte maladi obligatwa, blesi, nesans ak lanmò, ak pou envestigasyon sante piblik obligatwa. Nou ka mete deyò enfòmasyon sante pèsònèl ou pou nenpòt rezon lalwa mande. Nou gen dwa mete deyò enfòmasyon sante pèsònèl ou pou sante piblik, si nou sispèk abi sou timoun oswa neglijan, si nou panse ou viktim abi, neglijan oswa vyolans nan kay. Nou ka kominike enfòmasyon sante pèsònèl ou bay Administrasyon Manje ak Dwòg si nesèsè pou rapòte evènman endezirab, defo pwodwi, oswa pou patisipe nan retire pwodui sou mache a. Nou ka kominike enfòmasyon sante pèsònèl ou bay patwon w lè nou ba ou swen sante sou demann patwon ou; nan pi fò ka w ap resevwa avi pou di w enfòmasyon an ale jwenn patwon ou. Nou ka kominike enfòmasyon sante pèsònèl ou yo si lalwa mande sa pou bay yon ajans sipèvizyon gouvènman kap fè odit, envestigasyon oswa pou sivil oswa kriminel. Nou ka mete deyò enfòmasyon sante pèsònèl ou yo si yon tribinal, yon asiyasyon òdonans administratif, oswa yon ankèt jidisyè mande sa. Nan pi fò ka, yap avèti w lè piblikasyon an ap fèt. Nou ka kominike enfòmasyon pèsònèl sante ou bay otorite lapolis selon lalwa pou rapòte blesi, aksidan ak krim. Nou ka kominike enfòmasyon sante pèsònèl ou bay medsen lejis ak/oswa direktè mezon finèb dapre lalwa. Nou ka mete enfòmasyon pèsònèl ou deyò si ou se yon manm lame, jan sèvis fòs ame mande sa. Nou ka mete enfòmasyon sante pèsònèl ou deyò tou, si sa nesèsè, pou sekirite nasyonal oswa aktivite entelijans. Si ou se yon prizonye nan enstitisyon koreksyonèl oswa ou anba siveyans yon otorite lapolis, nou ka divilge enfòmasyon medikal sou ou bay enstitisyon koreksyonèl la oswa otorite lapolis la nan sèten sikonstans kote yo fè nou konnen

piblikasyon an nesèsè, tankou pou pwoteje sekirite w oswa pou pwoteje sekirite lòt prizonye oswa anplwaye nan enstitisyon koreksyonèl la. Epi nou ka divilge enfòmasyon pèsònèl ou bay ajans asirans aksidan travay si sa nesèsè pou yo ka detèmine avantaj dedomajman aksidan travay w antanke anplwaye.

Itilizasyon ak Piblikasyon ki pa Esplike nan NPP sa. Yon otorizasyon alekri obligatwa pou tout itilizasyon ak piblikasyon ki pa abòde nan NPP sa a. Si ou dakò bay yon otorizasyon alekri pou itilizasyon oswa piblikasyon enfòmasyon medikal ou, ou kapab apre sa anile otorizasyon sa nenpòt lè, esepite nan ka yo te deja apiye sou li.

DWA OU GENYEN

Jwenn Enfòmasyon Sante Pèsònèl ou: Dosye enfòmasyon medikal ou yo se pwopriete TidalHealth. Ou gen dwa pou resevwa yon kopi epi/oswa pou enspekte enfòmasyon sante pèsònèl nou kenbe sou non ou. Si nou konsève enfòmasyon dosye medikal ou yo nan yon mannyè elektwonik, ou ka resevwa yon kopi nan fòm elektwonik oswa fòm papye. Tout demann pou aksè dwe fèt alekri epi gen siyati pa ou oswa siyati reprezantan legal ou. Eksepte kote lalwa entèdi sa, y ap chaje yon frè nominal ki konsistan ak Règleman Maryland yo. (MD Health Gen. 4-304 4-301(k)(5), MD Code Ann., Health Gen. 4-304) Ou ka jwenn yon fòm otorizasyon daksè ki nan Depatman Jesyon Enfòmasyon Sante a. Nou gen dwa refize demann ou an nan sèten sikonstans ki limite anpil, e ou ka gen pèmision pou mande pou yo rekonsidere refi a.

Amanman nan Enfòmasyon sou Sante Pèsònèl ou: Ou gen dwa pou mande alekri enfòmasyon sante pèsònèl n ap mete sou ou yo chanje oswa korije.

Tout demann amanman, pou nou ka konsidere yo, fèt pou alekri, pou ou menm oswa reprezantan legal ou siyen, epi dwe deklare rezon pou demann amanman/koreksyon. Si nou fè yon amanman/koreksyon ou mande, nou ka fè lòt moun k ap travay avèk nou konnen epi jwenn kopi dosye ki pa korije si nou kwè notifikasyon sa nesèsè. Ou ka jwenn yon fòm demann amanman nan Depatman Jesyon Enfòmasyon Sante TidalHealth la. Nou ka rejte demann ou an pou amanman nan sèten sikonstans, tankou si enfòmasyon yo pa nan men nou, oswa si nou jwenn dosye ou yo kòrèk. Ou ka soumèt yon deklarasyon dezakò alekri si nou deside pa amande dosye ou.

Rapò sou Piblikasyon Enfòmasyon Sante Pèsònèl ou: Ou gen dwa pou resevwa yon rapò sèten piblikasyon enfòmasyon pèsònèl ou pandan sis lane anvan dat ou mande a. Demann yo dwe fèt alekri epi gen siyati ou oswa reprezantan legal ou. Ou ka jwenn yon fòm demann rapò nan Jesyon Enfòmasyon Sante TidalHealth la. Premye rapò a nan nenpòt peryòd 12 mwa gratis; y ap chaje ou yon frè sou baz pri rezonab pou nenpòt rapò ki annapre ou mande nan menm peryòd 12 mwa a.

Restriksyon sou Itilizasyon ak Piblikasyon Enfòmasyon Sante Pèsònèl ou: Ou gen dwa pou mande restriksyon sou sèten nan itilizasyon ak piblikasyon enfòmasyon nou pou sante pèsònèl ou pou tretman, peman, oswa aktivite swen sante. Eksepte jan sa esplike anba la pou piblikasyon nan yon plan sante, nou pa oblije dakò pou demann restriksyon ou an men n ap eseye akomode demann rezonab lè sa apwopriye epi n ap kenbe dwa pou nou mete fen ak yon restriksyon nou te aksepte si nou kwè tèminezon sa kòrèk. Nan ka se nou ki mete fen an, n ap fè w konnen sa. Ou gen dwa tou pou tèmine, alekri oswa aloral, tout restriksyon nou te aksepte ak yon avi tèminezon w ap voye bay Jesyon Enfòmasyon Sante TidalHealth.

Dwa pou Limite Piblikasyon Enfòmasyon bay yon Plan Sante pou Sèten Sèvis: Ou gen dwa pou limite piblikasyon enfòmasyon pou aktivite peman oswa swen sante yo pou yon plan sante konsènan zafè swen sante oswa sèvis ki pa plan sante a oumenm oswa yon lòt moun te peye pou li fowl oswa ak lajan nan pòch ou.

Dwa pou Resevwa Kominikasyon Konfidansyèl: Ou gen dwa pou mande epi n ap satisfè demann rezonab ou fè pou resevwa kominikasyon sou enfòmasyon sante pèsònèl ou nan men nou nan lòt mwayen oswa adrès. Paregzanp, si ou pa vle rapèl randevou sou yon bwat vokal oswa ale nan yon adrès patikilye, n ap satisfè demann rezonab yo. Ou ka mande kominikasyon konfidansyèl alekri ak yon demann alekri w ap bay Responsab Konfidansyalite nou an. Nou pap mande w rezon demann ou an. Nap satisfè tout demann rezonab yo. Demann ou an dwe di nou kijan oswa ki kote ou swete nou kontakte w. Si ou pa di nou kijan oswa ki kote ou vle nou kontakte w, nou pa gen pou fè swivi demann ou an.

Dwa pou Resevwa yon kopi papye Avi sa: Ou gen dwa pou resevwa yon kopi papye Avi sa. Ou ka mande nou ba w yon kopi Avi sa nenpòt ki lè. Kopi Avi sa a ap disponib nan tout TidalHealth, oswa lè w kontakte Ofisyè Konfidansyalite TidalHealth la jan yo eksplike sa nan fen Avi sa a, oswa ou ka jwenn yon kopi elektwonik nan sit entènèt TidalHealth la, <https://www.tidalhealth.org>.

Plent: Si w kwè yo vyole dwa konfidansyalite ou, ou kapab depoze yon plent kote Responsab Pwoteksyon Vi Prive a, alekri, nan TidalHealth Peninsula Rejyonal, 100 East Carroll Street, Salisbury, MD 21801. Ou ka depoze yon plent tou kote Sekretè Ameriken. Depatman Sante ak Sèvis Imen an ak yon lèt w ap voye nan 200 Independence Ave., S.W., Washington D.C., 20201. Nou pa fè revanj kont ou pou yon plent ou depoze.

POU PLIS ENFÒMASYON: Si ou gen kesyon oswa bezwen plis asistans sou Avi sa, ou ka kontakte Direktè Egzekitif Jesyon Enfòmasyon Sante a, 100 East Carroll Street, Salisbury, MD 21801 nan (410) 543-7194 oswa voye demann lan viya imel nan healthinformation@peninsula.org. Kòm yon pasyan, ou gen dwa pou resevwa yon kopi papye Avi sou Pratik Pwoteksyon Vi Prive sa, menm si ou mande kopi sa pa mwayen imel oswa lòt mwayen elektwonik.

DAT ANTRE ANVIGÈ: Avi sou Pratik Pwoteksyon Vi Prive a ap aplike apati 1mye jiyè 2020.

